Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 21 (9816) /3 июнь 2019 с. / итни 29 Рамазан 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Во многих странах мира отмечается День защиты детей. Это-напоминание взрослым о правах ребенка на жизнь, на образование, на защиту от насилия, от эксплуатации детского труда. С 1950 года мировая общественность, по инициативе ООН, отмечает День защиты детей и считает защиту прав, здоровья и жизни детей основным направлением своей деятельности.***

## *Уважаемые жители района!*

С чувством искренней радости поздравляем вас со священным праздником –Ураза-байрам!

Пусть Всевышний примет наш пост и простит нам грехи. Пусть укрепляются наши добрососедские и дружеские узы. Желаем всем вам здоровья, счастья и всего наилучшего во всех ваших начинаниях.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов.***

## *Диналъул вацал ва яцал!*

Баркула нужеда бусурбабазул бищунго хириял ва къиматал байрамаздасан цояб-к1албиччанкъоялъул Г1идалъул Къо! Т1адег1анав Аллагьас къабул гьарун ратаги нилъеца ккурал к1алал, рарал какал, рахъарал закаг1ат-сах1ал, кьураб садакъа ва гьабураб г1ибадат.

***Районалъул имамзабазул Советалъул председатель***
***Ах1мадрасул Качалаев.***

## *Уважаемые казбековцы!*

Желаю счастливого праздника Ураза-Байрам! Пусть в ваших домах будет светло и уютно, а в сердцах всегда живут надежда и любовь.

***Депутат НС.РД. М.-п.(К.-п.) Д.Умаханов***

Поздравляю вас с праздником Ураза-Байрам! От всей души желаю, чтобы Аллах принял жертвы вашей души и послал взамен добра и милости.

***Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия2 Д.Г.Махачев.***




***Уважаемые работники социальных служб!***

Сердечно поздравляем вас с вашим профессиональным праздником. Для вас нет чужого горя, проблемы тех, кто обделен судьбой, вы принимаете как свои. Пусть ваша жизнь по-максимуму приносит вам радость, а работа удовлетворение и сознание собственной пользы. С Днем социального работника!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов.***

## Гаджимурад Мусаев встретился с руководителями общественных организаций района



29 мая глава нашего района Гаджимурад Мусаев встретился сегодня с руководством и представителями общественных организаций. На приглашение главы откликнулись Совет старейшин, Общественная палата района, Совет ветеранов, Союз женщин, ДРОО **«Молодежь Казбековского района»,** ДРОО **«Наш дом»**, ООО **«Российский союз ветеранов Афганистана»**, общественная группа по увековечиванию памяти участников Великой Отечественной войны, Фонд имени Героя СССР Ханпаши Нурадилова и представители духовенства.

Собравшиеся говорили о повышении роли общественных организаций в укреплении межнационального согласия жителей района. В приветственном слове глава района дал положительную оценку налаженному взаимодействию властей, общественных организаций и духовенства в работе с населением. Он призвал и дальше вместе решать возникающие проблемы посредством конструктивного межнационального диалога, уважая интересы всех сторон.

В выступлении заместителя главы администрации района Икрамудина Салимханова была дана характеристика общественно-политической ситуации в районе. Участники встречи рассказывали о вкладе их организаций в урегулировании межнационального мира и проводимой работе в рамках мероприятий муниципальной программы по укреплению межнационального согласия.

Руководитель муниципалитета напомнил присутствующим главам поселений об ответственности в работе по обращениям граждан: **«Каждый из нас должен бережно относиться к людям, которые приходят к нам со своими проблемами, помогать им по мере возможности добрым словом и делом»,** — подчеркнул Мусаев.

Итогом встречи стало совместное обращение к общественности с призывом поддерживать инициативы общественных организаций по созданию площадок в различных сферах для межнационального и межрелигиозного диалога и способствовать развитию механизмов мониторинга и оперативного реагирования по возникающим вопросам.

Отмечено, что администрация района готова рассмотреть предложения инициативных групп по включению мероприятий, направленных на укрепление межнационального согласия, в дорожную карту на 2019-2020 годы.

***Пресслужба.***

***Росдал маг1ишатазда***

## Раг1и-хер х1адури байбихьана



Гьал къояз районалъул маг1ишатазда байбихьана хасалиде г1и-боц1уе хъач1аб раг1-хер ва сенажгун силос х1адур гьари. 2019-2020 соназул хасел нухда т1обит1иялъе нилъер маг1ишатазе х1ажалъулеб буго 30500 т.харил, 3100т.силосалъул ва 2300т.сенажалъул.

Гьеб жавабияб кампания бет1ералде бахъинабиялъе лъик1ал х1алт1аби гьарулел руго, цересел соназго г1адин, **«Дылымское»** ГУПалда ва **«Баг1араб Октябрь»** СП-Кялда.

Росдал маг1ишаталъул Управлениялде гьел г1уц1абаз рач1арал баяназда рекъон, рехсараб ГУПалъул х1алт1ухъабаз х1адурун буго 150т.харил ва 200т.сенажалъул. СПКялъин абуни,-400т.харил ва 250т.сенажалъул.

***Г1.Г1абдулмуслимов, УСХялъул бет1ерав огроном***

## Х1урматиял районцоял!

Унеб буго 2019 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъвавялъул кампания. Гьари буго нужер щивасде, рес рекъани, г1агараб **«Чапар»** газета хъвазе х1аракат бахъеян.

Гьелъул багьа – **286 гъур.**

***Х1урматгун редколлегия.***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*К1албиччай*

# Сахаватлъи бихьизабуна

***21 маялда тахшагьаралъул кIудияб мажгиталда тIобитIана республикаялъулаб ифтар Гьелда гIахьаллъана ДРялъул бетIер Владимир Васильевги.***



**«Дагъистаналде вачIиндал дида бихьана хIукуматалъул минаялда хьолбохъ бугеб мажгиталъул къадада хъварал гьадинал рагIаби: «ГIадамазе гIемераб лъикIлъи гьабурав чиясе щола Аллагьасул рахIмуги»**, - ян. Жакъа тIолабго Дагъистаналда рагьун руго **«Рамазаналъул чадирал».** Гьенир ракIарула цоцазе чед бащад гьабулел гIадамал. Гьединаб лъикIаб иш гьабиялъул кIудияб кIвар буго», - ян бицана республикаялъул бетIерас. Гьес ракIалдещвезаруна халкъазда гьоркьосел террористазулгун ккарал рагъулал лъугьа-бахъиналги. **«Доб заманалда Дагъистаналъул халкъ данде бахъана хъачагъазул къокъабазде. Гьелго соназда ДРялъул муфтияталъе ккана камиял – диналъул бацIцIалъи цIунулел хIаракатчагIи къурбанлъана гьеб балъгояб рагъда. Амма гьезухъа бажарана халкъалъе битIараб тарбия кьун ва гьединлъидал динги ватIанги хириял дагъистанияз нух къана террористазе. Гьеб хIалтIухъ кIудияб баркала буго нужее»,** - ян абуна В. Васильевас.

Хасаб кIваркьуна гьес ДРялъул муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул хIаракатчилъиялдеги. **«РакIбацIцIадал, ришватчилъиялде дандечIарал, загIипазда гурхIулел рухIиял церехъабазулгун цадахъаб хIалтIи гIуцIизе бигьалъула. Нилъеда церечIун руго республика цебетIезабиялъул рахъалъ гIемерал масъалаби. Гьел тIуразарун нилъехъа бажарила, цадахъ рекъон хIалтIани. Баркала буго, цогидал диназул вакилзабигун цокIалго хIалтIулеб бусурбабазул умматалъе»,** - ян бицана ДРялъул бетIерас.

КIудияб мажгиталда гIуцIараб ифтаралде рачIарал дагъистаниязе вагIза-насихIат гьабуна муфтиясги. **«Инсан»** абураб рахIмуялъул фондалъул рахъалдаса баркалаялъул кагъатги кьуна гьес Васильевасе – **«Рамазаналъул чадир»** абураб акция тIобитIулаго, щуазарго бусурманчи кваназавизе рес кьолеб гIарцул кумек гьабуралъухъ.

*«Х1акъикъат»газеталдаса (21, 24 май 2019 с.) босараб.*

*Росдал маг1ишатазда*

# Г1и гочинабиялъул кампания



Дагьал цере-г1ан къояз къват1ире риччарал **«Чапар»** газеталъул номеразда хъван бук1ана нилъер районалъул маг1ишатазда г1икъинлъиялъул ва г1и къунц1иялъул кампанияйиби т1орит1иялъул х1акъалъулъ. Гьездаго хадуб байбихьана гъутабаздаса муг1рузде г1и гочинабиялъул кампанияги. Гьедин, нилъер г1аммал маг1ишатаз гочинабизе ккола 24 азарго бет1ер г1и-ц1аназул. Гьеб жавабияб х1алт1и байбихьилелде ветеринариял специалистаз г1иял хал гьабула рахунел унтабаздаса гьеб ц1униялъе,г1ияда рук1к1би ч1вала ва гьеб чурула.

Г1и гочинабиялъул кампания г1уц1иялда т1обит1улеб буго **«Баг1араб Октябрь»** ва **«Хасаевасул ва Къасумовасул»** СПКязда. Росдал маг1ишаталъул управлениялде рач1арал баяназда рекъон, маг1ишатаз муг1рузде гьаб соналъ гочинабизе кколеб буго 51 азарго г1иялъажо.

*Г1. Г1абдулмуслимов, УСХялъул бет1ерав зоотехник.*

# Социалиял сетазда хIинкъигьечIолъи цIуни мурадалда...

28 маялда районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев дандчIвана Калининаул, Ленинаул росабазул гьоркьохъел школазул чIахIиял классазул цIалдохъабигун ва гьезул умумулгун. Гьел дандчIваязда гIахьаллъана- депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, районалъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимханов, лъайкьеялъул Управлениялъул жавабиял хIалтIухъаби ва рехсарал росабазул администрациябазул бутIрул.

Данделъиялъул гIахьалчагIазе гьениб бицана, мисалаздалъун,батIи-батIиял социалиял сетазда букIунеб, цебе ккараб информациялда божи лъезе бегьунгутIиялъул, экстремизмалдагун терроризмалда хурхарал материалал баянлъизариялъул ва гьезде мугъчIвай гьабизе, гьересияб исламалъулазул квачIикье ккезе чIезе бегьунгутIиялъул,ЕГЭ ва ОГЭ тIоритIиялъул къаг1идабазул ва риидал хIухьбахъиялъе ругел ресазул, законалде данде кколарел материалал тIиритIизариялъухъ гьабулеб тамихIалъул ва гь.ц.



**«Экспертазул пикруялда рекъон, экстремизмалъулаллъун рикIкIуна-пачалихъиялгун социалиял институтазде, гIадамазде данде къеркьеялде ахIулел, миллатазул,гьезул диналъул напс гIодобегIан гьабиялъул ва гьел миллатазда тIад хIалгьабиялда цIалел ахIиял»**,-ан абуна пресслужбаялъе нухмалъулей Наталья Качалаевалъ.

Гьединго, рехсарал суалазда хурхарал кIалъаял гьаруна-РУОялъул начальник М-р. МахIамаевас, школазул директорзабаз, ИМЦялъул методистаз ва ихтиярал цIуниялъулгун информационниял технологиязул отделалъул начальник Б.Нуцаловас.

ДандчIваялъул хIасилал гьарулеб кIалъаялда ХI. Мусаевас,цIалдохъабазе хитIаб хIисабалда, гьениб абуна: **«Школа лъугIун хадусан,нуж ккезе руго район тун къватIирехун.**

**Кибго ва кидаго нужеца хIурмат гьабе нужгун дандчIвалезул миллатгун диналъул. Гьелъ нужее рес кьезе буго гьезда гьоркьор хIурматалдагун адабалда рукIине. Балагьуге питна,ралагье лъикIлъи гьабиялъул нухал. Рекъел, ритIухълъи ва ракIбацIц1алъи цIунулезул напс киданиги гIодобе кколаро»**,-ян.

*Наида МУХIАМАДХIАБИБОВА, ИМЦялъул методист.*

# Марафон «Дети Дагестана читают о России»



Республиканский марафон **"Дети Дагестана читают стихи о России"** поддержали в Центре нашего района. Организаторами этого марафона выступили МК РД и РДНТ МК РД при поддержке МР **"Казбековский район".** На красочно оформленной сцене большого зала учащиеся лицея и Дылымской гимназии читали стихи поэтов России и Дагестана.

Чтение стихов сопровождалось мелодиями разных композиторов. В мероприятии приняли участие более 40 чтецов. До глубины души затронули зрителей стихи **"Баллада о матери"**, в исполнении главного специалиста ЦТКНР Магомеда Дудуева.

Свою любовь к Отечеству участники марафона выразили не только в стихах, но и в песнях, а также в хореографических композициях. Здесь прозвучали песни на слова и музыку дагестанских авторов.

Не оставила равнодушных и театрализованная сценка. Она заставила зрителей задуматься об ужасах войны и о боли матерей, потерявших своих сыновей на войне.

Марафон завершился флеш-мобом всех участников **"Я люблю тебя, Россия"!**

*З. Магомедова, с. Дылым*

# Ахирияб ц1умур къабуна...



## Лицеялда...



ТIолго улкаялдаго гIадин, 23 маялда Дилим росдал лицеялдаги кьабуна ахирисеб цIумур. Байрамалде ретIа-къарал ва кодор тIугьдузул квацIаби ккурал ясазгун васаз берцин гьабун букIана лицеялъул азбар. Гьеб къоялъ школа лъуг1ун унезул гьурмазда рихьулел рук1ана пашманлъиялъулгун рохалил асарал. Пашманлъиялъул-кIиабилеб рукълъун лъугьараб, гIагараб школагун ва хириял учительзабигун, гьудул-гьалмагълъигун къо-мех лъикI гьабизе кколеб, рохалилаб - цIияб, гIумруялде тIамулеб тIоцебесеб гали бук1иналъ.

Гьаб соналъ лицеялда ц1али лъуг1ана 30 ц1алдохъанасул. Гьезда байрам баркун кIалъазе вахъана **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель И.Б.Салимханов. Гьес абуна:-«**Райадминистрациялъул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда цIумур кьабиялъул байрам. Жакъа нужеда цере рагьулел руго цIиял нухал,нужеца нахъе тана школалъул сонал, ракI гъурал переменаби, дарсал. Школалъ нужее гIемераб кьуна. Нужее щвана лъай, лъикIаб гьудул-гьалмагълъи. Нужеда цебе буго жавабчилъи цIикIкIараб заман- лъикIал къиматазда ЕГЭ кьей, ракIалъ къабул гьабураб махщел ва гIумрудул нух тIаса бищи. Дие бокьун буго нужеца эбел-инсул, учительзабазул, гьалмагъзабазул ва гIагарлъиялъул нужедехун бугеб божилъи ритIухъ гьабизе. Нуж руго росдал, районалъул ва республикаялъул букIинесеб. Нужеда гьоркьор руго рукIинесел строителал, инженерал, врачал, педагогал ва гь.ц. ГIумрудул къисмат кинаб бугониги, киданиги кIочон тоге гIагараб школа, учительзаби ва классцоял. Гьединго, дица баркула нужер умумузда. Гьарула умумузда, ч1ах1иял г1ун ругилан абун, лъимал к1вар кьеч1ого тоге. Гьел гьоркьоре ц1азе х1адур рук1уна квешал пишабазул г1адамал»**,-ан.

Лицеялъул директор Язрапат Юсуповалъ лъик1аб къимат кьуна гьаб соналъ лицей лъуг1ун унезе, гьарана гьезие нухбит1и, гьабулеб ишалъулъ бит1ккей, т1аса бищараб нух къадру-къиматалда нахъа тей. Баркиялъул раг1абазда хадуб гьелъ Х1урматалъул грамотабаздалъун к1одо гьаруна лъималазе нухмалъи гьабурал классрукал- Эльмира Г1алимханова ва Джамиля Джамаева, гьединго, ц1алулъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал ва меседил медалазда лицей лъуг1изабурал - Асият Бексултановалъе, Насих1ат Дибировалъе, Хадижат Г1абдулбасировалъе ва Барият Джамаевалъе. Бат1аго гьений рехсана Асият Бексултанова. **«Гьей г1ахьаллъана бат1и-бат1иял, районалъул ва республикаялъул роцада т1орит1арал, олимпиадабазда, конкурсазда. Киналниги тадбирал г1уц1улаан гьелъул г1ахьаллъигун, кирго гьелъ рихьизаруна лъик1ал х1асилал»,** - ан абуна Язрапатица. Гьединго, данделъиялъул г1ахьалчаг1азда гьениб бихьизабуна республикаялъул технологиялъул олимпиадалда 3 бак1алъе мустах1икълъараб ва Асиятица жиндирго проекталда букъараб, школалъул формаги.

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан баркигун к1алъана ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъул жавабияй х1алт1ухъан Г1убайдат Дадаева. Гьелъ жиндирго к1алъаялда хадуб, лъайкьеялъул Управлениялъул рахъалдасан, Х1урматалъул грамотаздалъун к1одо гьаруна рахьдал мац1алъулгун литератураялъул муг1алимал- Зугьра Загьирова ва Салимат Джамалдинова. Данделъаразул ракIал хIайран гьаруна ц1алдохъабаз, ва гьезул классруказ школагун къо-мех лъикI гьабун г1уц1араб концерталъулаб программаялъ.

Гьеб тадбир ахиралде щвана 11 классалъул цIалдохъаби: Асият Бексултановалъ Ах1мад Набиевас ва т1оцебесеб классалъул ц1алдохъан Х1алимат Шираевалъ ахирияб ц1умур кьабиялдалъун.

*Асият Дибирова.*

## В Калининауле...



С раннего утра 23 мая праздник «Последнего звонка» собрал в МКОУ «Калининаульская СОШ всех, кто причастен к этому дню представителей руководства района и села, родителей, учителей, выпускников, первоклассников, друзей. Праздничное убранство - шары, ленты, нарядные первоклассники и выпускники, радостные лица родителей - все это, в сочетании с солнечным утром и легким весенним ветерком, сливалось в общую яркую картину праздника. Особое внимание в этот день уделялось выпускникам. Для них звучали добрые пожелания и напутствия.

Под аплодисменты родителей, во двор школы были приглашены 20 выпускников, (кл. руководитель Б.Х. Ибрагимова)

Вслед за 11 классом были приглашены те кто окончил 9 классов.

Со словами поздравления в адрес выпускников, родителей и учителей выступили:

Заместитель главы администрации МР Казбековский район З.Н. Эмеев, представитель родительской общественности Г.Б. Гаирбиев, методист ИМЦ Р.М.Магомедова, заведующая детским садом **«Колокольчик»** З.М.Магомедова, глава администрации СП с.Калининаул, Г.С. Гаджиев и директор школы З.С. Корголоева пожелала ребятам отлично справиться с предстоящими экзаменами, и с последующим поступлением в вузы. Со словами напутствия жизнь обратились классный руководитель, родители и первые учителя.

На празднике лились песни о последнем звонке, а малыши из детского сада «Колокольчик» танцевали. Первоклассники поздравили выпускников с окончанием школы песнями и стихами, пропев им о том, как же прошла их школьная жизнь. По уже давно сложившейся традиции, первоклассники и выпускники обменялись подарками. Всем работникам школы, родителям и друзьям выпускники адресовали слова благодарности и признательности в виде стихов и зажигательных танцев.

Почётное право дать последний звонок было предоставлено выпускникам 2019 года – М.Корголоеву, У.Эльдаровой и учащейся 1 класса Х. Мутиевой.

*С.Б. Гереханова,*
***заместитель директора по НМР.***

***1 июнь – Халкъалдагьоркьосеб лъимал цIуниялъул Къо***

# Нилъер лъимал

*Ракълилаб ракьалда рижулел тIугьдул,*
*Гьава-бакъ нужее рекъараб ккаги.*
*Куркьбал щулалъичIел гIисинал хIанчIи,*
*Нуж роржине зобал роцIун хутIаги.*



ЛЪимал талихIаллъун рукIине, гьезул гIумру берцин гьабизе хIаракат бахъула умумуз. Гьел рохизе росула сайгъатал, гьезул букIинеселъе гIоло ралагьула ресал. Амма гIадлу - низамалда гьоркьоб гIорхъи цIунун бажаруларо. Цо гьитIинабго гъалатI жидехъаго ккани, бадиб магIуги хулун, лъимал хIинкъун балагьула нилъехъ. Гьединаб мехалда лъимералда кьабуни, яги хъачIаб рагIи абуни, гьелъул рекIеда лъола ругъун. Гьеб тIолабго гIумруялъ пикрабалъ хутIула.

Щайгурелъул, лъимерлъи буго нилъер бищунго къокъаб заман. Гьениб бихьарабги букIарабги кIочонаро.

Лъималаз жидецаго гьарулелщинал гъалмагъирал гьезие руго расандаби, гьезда батIайиса бихьуларо. Гьеб мекъаб букIин нилъеца тIилил гIадлуялъ бичIчIинабизе бегьуларо. Гьезде к1алъазе ккола недегьаб, х1еренаб хабаралъ.Гьеб ккола лъималазе нилъедасан щолеб бищунго къиматаб сайгъат. Дида кидаго берцин рихьуларо жидерго лъимал реццун гаргадулел улбул.

Биччанте нилъер лъималазе къимат кьезе цогидаз. Гьеб битIараб букIина. ГIемерисел улбуз лъималазул гIайибал инсудаса рахчула. Лъала, эбел гурхIел бугей йикIунейлъи, инсул кьварараб гIадлуялдаса гьел цIунизе гьеб гьабулеб букIин. Эбелалъе рокьун,инсуе рихун рукIунаро лъимал. Абиги гьечIищ гIадлуялда гьоркьоб гIажал букIунарин.

Хъизан ккола инсуе кIудияб пачалихъ, эбелалъе дунял, лъималазе Алжан. Гьеб лъабабго цоцадаса батIалъизе биччани, кинабго щущала. Гьеб цIунун хутIула рукъоб щулияб гIадлуги рекъелги ругони.

Баянаб букIахъе, лъималаз такрар гьарула эбел-инсул рагIаби, гьезул хьвада-чIвади. Хасго гьеб загьирлъула лъималазул ахалдагун школалда. Дун кIудияй психолог ккоЛаро, лъиданиги гIумру гьабиялъул къагIидаби малъулейги гуро. Лъиениги балъголъи гуро,лъималазда, жидергоялдаса гIемер, нилъер гъалатIал рихьулеллъи ва нилъедаса гьез мисал босулеблъи.

***Х1. КАРИМОВА.***

ЛъикIлъиялъе гурони нуцIида кIутIугеги,

# Риидалил хIухьбахъи тIобитIиялъе...



22 маялда райадминистрациялда тIобитIана-балугълъиялде рахинчIел, гIадлу-низам биххиялде цIалел ва профилактикаялъулал гIуцIабазул хIисабалда ругел гIолилазе риидалил хIухьбахъи гIуцIиялъе гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ бицен гьабиялъул данделъи. Гьенире гIахьаллъана- лъайкьеялъул Управлениялъул, жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъаби, социалиял педагогал ва районалъул лъайгун тарбия кьеялъул учреждениябазул директорзабазул заместителал.

ХIухьбахъи гIуцIиялъул комиссиялъул председатель,районалъул бетIерасул заместитель, И.И. Шабазовас гьениб абуна:

**«Риидалил хIухьбахъиялъулгун сахлъиц1униялъул бакIазде лъимал иналъ рес кьола гьезие квен-тIехалъул, санаг1алъаби ч1езаризе,- батIи-батIиял культуриял мероприятиял тIоритIиялде гьоркьоре гьел цIазе. Гьедин гьабиялъ кумек гьабула лъималазул сахлъи цIуниялъе,лъай цIикIкIиналъе ва квешал пишабазде гьел цIангутIиялъе. Лъималазда гьоркьор щулалъула гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъулал бухьенал.**

**Гьел ругьунлъула коллективалда гьоркьор рукIине ва гьелъ гьезие квербакъула хадусеб гIумруялъулъ букIинисеб хьвада-чIвади цогизулгун рекъезабизе»**,-ян.

Районалъул лъималазул хIухьбахъи гIуцIиялъул жавабияй,РУОялъул ИМЦялъул методист Наида МухIамадхIабибовалъ гьениб бицана хIухьбахъиялъул бакIазде лъимал ритIизе бокьараз хIадуризе кколел документазул.

Данделъиялъул хIасилал гьариялда комиссиялъ ОМВДялъе нухмалъулезда, лъайкьеялъул учреждениябазул хIалтIухъабигун цадахъ, т1адкъана социалияб хIинкъи бугел, гIадлу-низам хвезабулел лъимал ругел хъизабазухъе щвезе ва гьединал хъизабазул лъимал хIухьбахъиялъул бакIазде иналъе тадбирал гьаризе.

Гьеб жавабияб иш гIуцIиялда тIобитIизе тIадкъана районалъул лъайкьеялъул Управлениялда.

*Н. МУХIАМАДХIАБИБОВА, ИМЦялъул методист.*

# Баркала



Дагъал цереr1ан къояз дун-, ригь арай г1адан, канлъи дагьлъун бук1иналъ, ккана Мах1ачхъалаялда, берал унтаразе, канлъукъазе дару гьабулеб клиникалде.

Гьениб дие операция гьабуна Лайла Гъамбулатова абурай тохтуралъ ва дун, гьит1инаб заманалда,бук1араб г1адаб беразул канлъигун, гьениса т1адюссана.

**«Чапар»** газета гьоркьобккун, бокьун буго гьей х1еренай, х1алимай, г1аданлъи, ях1-намус чорхолъ бугей унго-унгояй маг1арулалъе гьаризе, щулияб сахлъи, талих1аб г1умру ва х1алт1улъ жеги ч1ах1иял бергьенлъаби.

*Тавсият Шуг1айпова*
*Гуни росу.*

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Эркенаб гугари




22 маялда М.М. Г1азаевасул спортшколалда т1орит1ана эркенаб гугариялъул зоналиял къецал. 2002-2003 ва 2004-2005 соназ гьарурал г1олилазда гьоркьор т1орит1арал гьел къецазда г1ахьаллъана- Хасавюрт, Ц1ияблак, нилъер районаздаса, Хасавюрт шагьаралдаса 75 гугарухъан. РДялъул лъайкьеялъулгун г1елмуялъул Министерствоялъул планалда рекъон т1орит1улел гьел къецазул финал т1обит1изе буго Шамиль районалъул Г1урада росулъ.

Абич1ого г1оларо, гьел къецазулъ нилъер гугарухъабаз лъик1ал х1асилал рихьизарунин. Гьедин, 2002-2003 соназ гьарурал г1олилазда гьоркьов,55 кг. ц1айиялда, к1иабилеб бак1алъе вач1ана Назир Шихуев ва лъабабилеб бак1 босана Ибрагьим Дуруевас. 60 кг. ц1айиялда,бергьенлъи босана Имам Салмановас,к1иабилеб бак1-Къурбан Манаповас ва лъабабилеб-Мух1амадшафи Магьдихановас. 65кг. ц1айиялда, лъабабилеб бак1алъе мустах1икълъана-Х1ажимурад Гъазимух1амадовгун Адам Г1умаров. Гьединго, Ибрагьим Ирагьимовас к1иабилеб ва Х1ажимурад Исх1акъовас,71 кг ц1айиялда, лъабабилеб бак1алги росана. 80кг ц1айиялда,лъабабилеб бак1 щвана Расул Ах1мадовасе.

2004-2005 соназ гьарурал г1олилазда гьоркьов, 38кг ц1айиялда, т1оцебесеб бак1алъе мустах1икълъана Адам Х1ажимух1амадов, к1иабилелъе-Даниял Султанмирзаев. 41кг ц1айиялда, Муса Висалгереевасде вахарав гугарухъан гьенив вук1инч1о. 44 кг ц1айиялда, лъабабилеб бак1 щвана Г1али Г1амиевасе, Раджаб Чегуевас, 48 кг ц1айиялда, гьениб босана к1иабилеб бак1. Г1абдулг1азиз Г1абдулг1азизовас,52 кг. ц1айиялда, босана т1оцебесеб бак1,Сурхай Г1усмановасин абуни,- к1иабилеб. Лъабабилеб бак1алъе, 57 кг ц1айиялда, гьенив мустах1икълъана Мух1амад Гороев.

Гьел х1асилал щвеялъе квербакъана тренерал: Г1. Качалаевасул, М.Байхановасул, З. Камиловасул, М. Мух1амадовасул, С.Х1ажиевасул, И.Г1абдулпатах1овасул, М-а. Муртазг1алиевасул, Къ.Давурбеговасул, Х1. Г1умаровасул, А-х1.Г1амиевасул, М-к. Гъазих1маевасул ва Н. Сагитовасул, к1вах1тун, гьабураб х1алт1иялъ. Призалъулал бак1ал ккуразе гьенир кьуна, спортшколалъул рахъалдасан, медалал ва грамотаби.

*Н.АЛИУКЪАЕВ.*

# ХIажалъи ккаралъур ратулел

Дагьал гьечIо нилъеда гьоркьор хIажалъи ккаразе кумекалъе рахъине хIадурал гIадамал. Лъалеб букIахъе, Дилим росдал аслияб мажгиталъухъ гIуцIун буго, Рамазан моц1алъул х1урматалда, таравих1азул какде рач1унезе кIалбиччаялъе квен хIадури.

**«Инсан»** гурхIел-рахIмуялъулаб фондалъ тIобитIулеб гьеб лъикIаб ишалъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго росдал гIадамаз. ХIажатал кванил нигIматал рачIин гуребги, гьез хIадурула квен, гьелдаса хадуб гьениб чIезабула рацIцIа-ракъалъи. Гьеб ишалъулъе жигараб г1ахьаллъи гьабула Марзият Шемеевалъ, Марьям Кутараевалъ ва цогидалги росдал руччабаз.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьеб лъикIаб ишалъулъ гIахьаллъулел тIолазего.

Аллагьас кIиябго рукъоб гьезие кьеги рохел, талихI, къабул гьареги гьезул ккурал кIалалгун гьабураб гIибадат.

Кьеги тавфикъ нилъ киназего лъикIал гIамалал гьаризеги исламалъул нухда хьвадизеги.

*ГIабдула ИСХIАКЪОВ, Дилим росу.*

**БетIерав редактор:**
Мухтар ГIалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
МухIамад-Шарип
ГIабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
ХIалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова

Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева,
Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
Индекс: 51354
Заказ №248 Тираж 1430
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола